Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета



№ 7 (6893) 12 февраль 2024 с. Итни ШагIбан 1445 с. Багьа - эркенаб


БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ТIАЛАБАЛ ТIОРИТIУЛАГО

## Гъалип Гъалипов гIахьаллъараб эфир тIобитIана

### ТIабигIияб газ, лъим бачин, сахлъи цIуни, СВОялъул рагъухъабазе кумек гьаби...

**2024-абилеб соналъул 8-абилеб февралалда Дагъистаналъул ХIукуматалъул ВК социалияб гьиналда Бакълъул районалъул нухмалъулев Гъалип Гъалипов гIахьаллъараб чIагояб эфир тIобитIана. Гьес бицана муниципалитеталъул росабалъе тIабигIияб газ бачиналъул, нухал къачIаялъул, Украиналда тIобитIараб хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIазе ва гьезул хъизамазе кумек гьабиялъул ва гьаруна цогидал район цебетIеялда хурхарал баянал.**

Игьали росулъе газ бачиналда тIасан къураб суалалъе гьадинаб жаваб гьабуна муниципалитеталъул нухмалъулес: «Игьали росулъе тIабигIияб газ бачине проект бахъулаго, игьалисезул ахал ругел бакIал хIисабалдеги росичIого, бахъун буго арал соназ проект.

Жакъа газ росулъе бачине хIалтIаби гьаризе байбихьидал, росдал гIадамазул ахал хвезарулаго лъезе ккол руго газил мухъал. Гьеб росдал гIадамаз аслияб къагIидаялда хайир босула ахаздаса. Хурзалгун ахалги цIунун газ бачине хIаракат бахъизе буго. Гьелъие гьарулел хIалтIабиги руго, росдал гIадамазулгунги бицана, специалисталги гьеб суалалда тIад хIалтIулел руго». Гъалиповасул рагIабазда рекъон, районалъул щибаб росулъе тIабигIияб газ бачиналъул суалал гьесул хъаравуллъиялда руго.

Гьекъезе бацIцIадаб лъим дагь бугин абураб, нухал къачIаялда хурхарал суалалги рорхана чIагояб эфиралда. Гъалиповас бицана Сагъри-ЦIияб Аргъвани, ЛъаратIа, Ингишо нухал къачIаялъул. Килалъ, Инхо росабалъе нухаб капиталияб ремонт гьабиялъулги.

Лъайкьей цебетIеялда тIасан къураб суалалъе Гъалиповас жаваб гьабуна араб соналъ анцIила цо школалда капиталияб ремонт гьабунин абун. «ЦIалул идараби гIунгутIи Бакълъул районалда гьечIо. Араб соналъ анцIила цо школалда капиталияб ремонт гьабуна, ЦIияб Аргъвани росулъ цIияб школа рагьана 250 цIалдохъанасе бакIги бугеб. Нижер масъала буго гьанже лъайкьеялъул рахъалъ жеги лъикIал хIасилал рихьизари.




РакI-ракIалъулаб баркала къезе бокьун буго Дагъистаналъул тIалъиялъе Бакълъул мухъалда лъайкьеялда хурхарал федералияб, регионалияб проектал нухдаинаризе гьабураб кумекалъухъ», - ян абуна районалъул бетIерас.

Сахлъи цIуниялъул рахъалъ гьаризе ругел хIалтIабазулги баянал гьаруна Гъалиповас. «Араб соналъги гьаруна хIалтIаби медицинаялъул бакIал къачIаялъул. Исана муниципалитеталъул поликлиника къачIазе хIисабалде босун буго. 9 миллион гIарац уна гьениб капиталияб ремонт гьабулаго. 17 миллион гъурущ харж гьабизе буго ЧIиркъатIа больница къачIазе. Гьениб рагьизе ракIалда буго травматологиялъул пункти. Гьеб цIакъ хIажат буго гьеб мухъалда, авариял гIемер ккей хIисабалде босун», - ян абуна Гъалиповас.

СВОялъул рагъухъабазе ва гьезул хъизамазе кумек гьабиялъул бицунаго, Гъалип Гъалиповас баркала загьир гьабуна ва лъикIаб къимат къуна районалъул руччабазул гIуцIиялъе.

«Дун кутакалда вохарав вуго дир гьединал кумекчагIи рукIиналдаса. Дагъистаналдаго рагIун буго бакълъулазул руччабазул гIуцIиялъ нилъер рагъухъабазе гьабулеб кумекалъул. ГьитIинаб жамгIияб идара бугониги, гьез гьабулеб ишалъул бицине заман гIоларо. ГIуцIун буго хасаб фонд. Жидерго сурсатал хIалтIизарун, бихьизабулеб буго гьел руччабаз сахаватлъи. Хунзахъ районалъул Гьамуши росулъа СВОялъул гIахьалчи МухIамадрасул МухIумаев вачIана администрациялде женсоветалъул гIахьалчагIазе ва кумек гьабурал цогидал бакълъулазе баркала загьир гьабизелъун.

Муниципалитеталъул женсоветалъул нухмалъулей Загьра ГIабдулаевалъе, гьелъул заместитель ГIазра Исубилаевалъе ва тIолго идараялъул гIахьалчагIазе буго ракI-ракIалъулаб баркала», - ян абуна Гъалиповас.

Араб анкьалъ тIобитIараб чIагояб эфиралда рорхана цогидал кIвар бугел суалалги. Гьелъухъ балагьизе бегьула ДРялъул ХIукуматалъул, ЦУРалъул ВК социалияб гьиналда.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

ЧIАЛДА МОХМОХ БИЦЦАЛЪАГИ

## МухIамад ГIабдулхIалимовас хъутабазде сапар бухьана

### БоцIул, гIиял къадар ва сахлъи цIуниялъул бицана

**Бакълъулазул районалъул росдал магIишаталъул ва экономикаялъул отделалъул нухмалъулев МухIамад ГIабдулхIалимов дандчIвана СПКябазул нухмалъулелгун. Гьеб мурадалда гьес сапар бухьана Бабаюрт мухъалде.**

Данделъиялда гIахьаллъараз 2023-абилеб соналъул хIалтIул хIасилал гьаруна ва 2024-абилеб соналъ тIуразе ругел масъалабазул бицана, гIи-боцIул сахлъиялъул, вакцинация гьабиялъул ва цогидал суалалги рорхана.

«БатIи-батIиял рахунел унтабазде данде иммунитет чIезабиялъул рахъалде кIудияб кIвар буссинабун буго нижеца. Бакълъулазул магIишатазда ящуралъ унтарал боцIиги гьечIо. Муниципалитеталъул ветуправлениялъул хIалтIухъабазе ракI-ракIалъулаб баркала къезе бокьун буго гIи-боцIул сахлъи цIунизелъун жигарго гьабулеб хIалтIухъ.

Районалъул СПКябазул вакилзабазулгун данделъиялда гьединго лъалъадиялъул, ахал церетIеялъул «Зерно» ФГИС программаялде баянал росиялъул, цудунго тIинчI гьабиялъул суалазулги халгьабуна.

Баян гьабизе бокьун буго гIигун цIцIаназ тIинчI гьабиялде бакълъулазул фермерал жигарго хIадурулел рукIин. Росдал магIишаталъул рахъал муниципалитеталда церетIезе нахъеккунги бажарараб гьабизе буго», - ян абуна МухIамад ГIабдулхIалимовас.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**


НОМЕРАЛДА РУГО:



Нанибика росулъ рицциязул суалазда тIасан семинар гIуцIана

- 2 гьум.



ГIансаздаса нухал рацIцIад гьариялъулъ жигарго гIахьаллъана

- 2 гьум.



Зубейда МухIамадовалъе - магIарул мацI, маданият, тарих цIуниялъулъ гьабураб хIаракаталъухъ баркалаялъул кагъат

- 2- гьум.



БахIарзазул цIарал цIуни

- 2- гьум.

РИЩИЯЛ

## Нанибика росулъ рищиязул суалазда тIасан семинар гIуцIана

### «ИнформУИК» программаялда хурхун баяналги гьаруна



**Бакълъул районалъул рищиязул комиссиялъ Нанибика росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул минаялда бакIалъулал рищиязул комиссиялъул гIахьалчагIазе лъай кьеялъул семинар тIобитIана. Тадбир гIуцIун букIана Россиялъул «ИнформУИК» ЦИКялъул проект нухдаинабиялда рекъон.**

Семинар бачана муниципалитеталъул ТИКялъул нухмалъулев МухIамадбег МухIидиновас ва рищиязул комиссиялъул махщалилав МухIамадхIабиб МухIамадовас.

2024-абилеб соналъул 17-абилеб февралалдаса 7-абилеб марталде щвезегIан, тIолабго Россиялда гIадин, Бакълъул мухъалдаги УИКялъул гIахьалчагIаз рищиязда хурхун адресниб баянал гьариялъул хIалтIаби тIуразе руго.

Тадбиралда гIахьаллъаразе гIатIид гьабун бицана «ИнформУИК» программаялъул, гьеб нухдаинабиялъул бугеб пайдаялъул, рихьизаруна видеороликал. ХIалтIулъ раккизе бегьулел квалквалазул биценги гьабуна МухIамадхIабиб МухIамадовас.

**Макка МухIамадова**

ХIАРАКАТАЛЪУЛЪ – БАРАКАТ

## Зубейда МухIамадовалъе - магIарул мацI, маданият, тарих цIуниялъулъ гьабураб хIаракаталъухъ баркалаялъул кагъат

### Шапакъатал цIикIкIаги



**Бакълъул районалъул МелъелтIа росдал гьоркьохъеб школалъул 6-абилеб классалъул цIалдохъан Зубейда МухIамадова Расул ХIамзатов гьавуралдаса гIасру иналъул хIурматалда «ХIакъикъат» газетаялъ тIобитIараб кучIдул пасихIго рициналъул конкурсалъул финалалде йорчIана. Гьедин, гьей мустахIикъльана баркалаялъул кагътие.**

«Расул ХIамзатов гьавуралдаса 100 сон тIубаялъул хIурматалда «ХIакъикъат» газетаялъ тIобитIараб «Рахьдал мацI - миллаталъул тарих» абураб кьецалда гIахьаллъаралъухъ ва магIарул мацI, маданият, тарих цIуниялъулъ гьабураб хIаракаталъухъ баркала загьир гьабулеб буго», - ян хъван буго баркалаялъул кагътида.

Гьединго баркала загьир гьабуна Зубейда хIадур гьаюрай маданияталъул управлениялъул хIалтIухъан, районалъул руччабазул гIуцIиялъул нухмалъулелъул заместитель ГIазра Исубилаевалъеги.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

## ГIансаздаса нухал рацIцIад гьариялъулъ жигарго гIахьаллъана

### ГIазул асирлъудаса къватIал эркен гьаруна



**Араб анкьалъ Бакълъул мухъалда бахъараб гучаб гьуриялъ ва бараб гIазуца нухазда ва гIадамазул минаби сверун гIансал лъуна. КъватIал гIазудаса рацIцIад гьариялъул хIалтIаби тIоритIана бакълъулазул районалда бугеб «РСУ» АОялъул, росабазул администрациялъул спецтехникаялъ.**

Бараб гIаздал къадар цIцIикIкIараб букIана, гьединлъидал республикаялъул, районалъул даражаялъул нухал, росабазул къватIал рацIцIад гьариялъул хIалтIаби жеги гьарулел руго.



Муниципалитеталъул идарабазул вакилзабазги жигараб гIахьаллъи гьабуна маданияб ва цогидал бакIазде гьорлъе кколел мухъаздаса гIазу бахьиялъулъ. Гьедин, районалъул маданияталъул ва библиотекаялъулаб хъулухъ гьабиялъул управлениялъул хIалтIухъабаз гIазу бахъана КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазул хIурматалда бараб памятникалъул мухъалдаса.

МелъелтIа бугеб № 45 пожарнияб частьалъул ва цогидал учреждениязул вакилзабазги тIоритIана гIазудаса нухал ва цогидал кIвар бугел бакIал рацIцIад гьариялъул хIалтIаби.

Гьединго Россиялъул Бакълъул мухъалда бугеб ОМВДялъул ОГИБДДялъул хIалтIухъабаз машина бачунезе нухда цIодорго рукIине ккеялъул баянал гьаруна.

Муниципалитеталда бугеб «РСУ» АОялъул вакилзабаз, пуялъухъ балагьичIого, тIурана жидеда тIадал ишал. Росабалъ электроэнергия букIинабиялъе муниципалитеталъул энергетиказги гьабуна бахIарчияб хIалтIи.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

## БахIарзазул цIарал цIуни

### Набигула АхIмадибировасул ВатIан бокьиялъул фильмал рихьизаруна школазда

**Сталинградалъул рагъул бергьенлъи босиялъул ва СВОялъул рагъухъабазул хIурматалда бакълъулазул маданияталъул ва бибилиотекаялъулаб хъулухъ гьабиялъул управлениялъул хIалтIухъабаз,районалъулросабалъе сапар бухьун, Дагъистаналъул маданияталияъул мустахIикъав хIалтIухъан Набигула АхIмадибировасул документалияб фильмал рихьизаруна.**



Гьедин, араб анкьалъ маданияталъул вакилзаби щвана Игьали, МелъелтIа росабазул гьоркьохъел школазде. ЦIалдохъабазда ва мугIалимзабазда бихьизабуна «Махщел – ВатIан цIуни» абураб фильм. Хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIазул ва Сталинград фашистаздаса эркен гьабурал бахIарзазул бицана цIалул идараялъул тарихалъул мугIалим Рашид Малачиевас ва школалъул директорасул тарбия кьеялъул рахъалъ завуч ГIиса Шарапудиновас.



Набигула АхIмадибировас ва ГIазра Исубилаевалъ гьединго баян гьабуна тарих цIуни – щивасул борч букIин.

Тадбиралда гьединго гIахьаллъи гьабуна «Гумбет» басмаялъул жавабияй секретарь, районалъул руччабазул гIуцIиялъул гIахьалчIужу Зугьра ГIабдулкъадировалъ, библиотекаялъул хIалтIухъабаз ва цогидаз.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

СВО

# Гамзат Изудинов выступил на церемонии открытия Всероссийской патриотической акции «Писатели России – фронту»

Главный редактор еженедельника «Гумбет», член Союза писателей России, лауреат премии Александра Блока Гамзат Изудинов принял участие в открытии Всероссийской патриотической акции «Писатели России – фронту».



Мероприятие прошло в школе № 54 Махачкалы, директором которой является мать Героя России Нурмагомеда Гаджимагомедова Сапижат Мазаева. Акция инициирована Союзом писателей России, поддержана Главой РД Сергеем Меликовым и Союзом писателей Дагестана. На церемонии открытия выступили заместитель Председателя Правительства РД Муслим Телякавов, председатель Союза писателей РФ Николай Иванов, руководитель Союза писателей РД Марина Ахмедова, директор школы № 54 Сапижат Мазаева, главный редактор редакции республиканских литературных журналов «Соколёнок» и «Литературный Дагестан» Мурад Ахмедов и др. Нурмагомед Гаджимагомедов писал стихи.

Герой России посмертно стал членом Союза писателей России, Николай Иванов вручил членский билет воина его матери Мазаевой Сапижат Исаевой. Главный редактор еженедельника «Гумбет» Гамзат Изудинов в своем выступлении рассказал о материальной и информационной помощи, оказываемой бойцам СВО, о том, что готовится к изданию книга с рабочим названием «Гумбетовцы на СВО». Также Изудинов подарил школе № 54 экземпляры журнала «Дружба», призвал школьников сотрудничать с литературными журналами, газетами, а также рассказал о важности писем детей для воинов СВО. В рамках мероприятия также состоялась презентация книги Расула Гамзатова «Солдаты России в Бессмертном полку», изданной при поддержке Главы Дагестана Сергея Меликова.

**РИО «Гумбет»**

ДОКУМЕНТЫ

# Собрание депутатов администрации сельского поселения «Село Тлярата» Гумбетовского района

**от 29. 12. 2023 г. Решение: № 7 с. Тлярата**

**1. Утвердить бюджет МО «Село Тлярата» на 2024 год в размере 1940,6 рублей, и плановый период на 2025 год в размере 1682,2 рублей, на 2026 год в размере 1697,8 рублей.**

**а) Доходы:**

| | 2024 г. | 2025 г. | 2026 г. |
|---|---|---|---|
| Дотация | 1717,0 | 1444,0 | 1444,0 |
| Субвенция | 141,6 | 156,2 | 171,6 |
| Субсидия | | | |
| Собственные доходы | 82 | 82 | 82 |
| В том числе: | | | |
| НДФЛ | 48,0 | 48,0 | 48,0 |
| ЕСХН | 6 | 6 | 6 |
| Земельный налог | 16,0 | 16,0 | 16,0 |
| Имущественный | 12,0 | 12,0 | 12,0 |
| **ИТОГО:** | **1940,6** | **1682,2** | **1697,8** |

**б) Расходы по учреждениям:**

| | | | |
|---|---|---|---|
| Аппарат управления | 1331,0 | 1250,0 | 1250,0 |
| ВУС | 141,6 | 156,2 | 171,8 |
| Культура | 448 | 261,0 | 261,0 |
| Ф/К и спорт | 5,0 | 5 | 5 |
| Молодежная политика | 5,0 | 5,0 | 5,0 |
| ЖКХ (благоустройство) | 0 | 0 | 0 |
| **ИТОГО:** | **1940,6** | **1682,2** | **1697,8** |

**Председатель сельского Собрания К.С.Алиев**
**Секретарь Собрания М.М. Магомедбегова**

ДОКУМЕНТЫ

# Собрание депутатов администрации сельского поселения «Село Верхнее Инхо» Гумбетовского района

**от 29. 12. 2023 г. Решение: №5 с. Верхнее Инхо**

**1. Утвердить бюджет МО «Село Верхнее Инхо» на 2024 год в размере 2497,6 рублей, и плановый период на 2025 год в размере 2067,2 рублей, на 2026 год в размере 2082,8 рублей.**

**а) Доходы:**

| | 2024 г. | 2025 г. | 2026 г. |
|---|---|---|---|
| Дотация | 2296,0 | 1851,0 | 1851,0 |
| Субвенция | 142,6 | 157,2 | 172,8 |
| Собственные доходы | 59,0 | 59,0 | 59,0 |
| В том числе: | | | |
| НДФЛ | 31,0 | 31,0 | 31,0 |
| ЕСХН | | | |
| Земельный налог | 14,0 | 14,0 | 14,0 |
| Имущественный | 14,0 | 14,0 | 14,0 |
| **ИТОГО:** | **2497,6** | **2067,2** | **2082,8** |

**б) Расходы по учреждениям:**

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| а) | Аппарат управления | 1646,0 | 1593,0 | 1571,0 |
| б) | МКУК | 394,0 | 169,0 | 169,0 |
| в) | ВУС | 142,6 | 157,2 | 172,8 |
| г) | ЖКХ(благоустройство) | 289,0 | 119,0 | 141,0 |
| д) | Ф/К и спорт | 16,0 | 15,0 | 15,0 |
| е) | Молодежная политика | 5,0 | 4,0 | 4,0 |
| ж) | Резервный фонд | 5,0 | 10,0 | 10,0 |
| | **ИТОГО:** | **2497,6** | **2067,2** | **2082,8** |

**Председатель сельского Собрания Н.М. Абдулхакимов**

РИТМ ГУМБЕТА

# Капремонт дороги Нижнее Инхо – Верхний Арадирих запланирован на 2025-й и последующие годы

**Сегодня, 7 февраля 2024 года, в телеграм-канале Администрации Главы РД появилась публикация об исполнении вопросов, которые прозвучали в прямом эфире Главы Дагестана Сергея Меликова (http://t.me/melikov05).**




Среди вопросов, которые получили поддержку руководителя республики и запланированы к исполнению, – капремонт дороги Нижнее Инхо – Верхний Арадирих (https://t.me/agiprd/12597). Администрация Главы РД также опубликовала видеоролик, в котором запечатлен данный объект (https://t.me/agiprd/12596). В ходе прямого эфира, который состоялся в конце 2023 года, Глава РД Сергей Меликов поблагодарил за вопрос о капремонте дороги Нижнее Инхо – Верхний Арадирих и желание развивать гамзатовские места (https://t.me/Gumbet05/9584).

«Спасибо за вопрос. Очень хорошо заявитель сказал, видно, что это уважаемый человек, переживающий как за район, так и за развитие гамзатовских мест. Год Расула Гамзатова еще не закончился. И такие вопросы приятно получать. Я попрошу Джамбулата Шапиевича зафиксировать этот вопрос и по его исполнению информировать меня», – отметил Глава Дагестана Сергей Меликов. Напомним, что в октябре 2023 года по инициативе медиагруппы «Гумбет» в селе Средний Арадирих состоялся Республиканский фестиваль аварского языка и литературы «Молочная Родина Расула Гамзатова» (https://t.me/Gumbet05/8482). В этом селе родился Расул Гамзатов, здесь регулярно проходят мероприятия, посвящённые классику и его наследию. #Россия #ВладимирПутин #МойДагестан #Дагестан #РасулГамзатов #СергейМеликов #Гумбетовскийрайон #СтранаСолнца

**РИО «Гумбет»**

ВЫБОРЫ - 2024

# В каждом избирательном участке будет обеспечено дежурство нарядов полиции

**С 15 по 17 марта 2024 года, согласно решению ЦИК России, в нашей стране пройдут выборы Президента Российской Федерации.**

Согласно статье 81 Конституции Российской Федерации Президент страны избирается на 6 лет гражданами Российской Федерации на основе всеобщего равного и прямого избирательного права при тайном голосовании.В дни проведения выборов избирательные участки будут работать с 8:00 до 20:00.

Статья 86 Федерального закона от 10.01.2003 № 19-ФЗ (редакция от 14.11.2023) «О выборах Президента Российской Федерации» гласит, что ответственность за нарушение законодательства о выборах Президента Российской Федерации устанавливается федеральными законами.С целью обеспечения реализации избирательных прав граждан и эффективной деятельности избирательных комиссий на каждом избирательном участке будет обеспечено дежурство нарядов полиции с момента завоза избирательной документации и до окончания выборов.

Будет организовано патрулирование и проведение мероприятий по обеспечению общественной безопасности на территориях участка, непосредственно прилегающих к зданиям, в которых размещается избирательная комиссия, в зданиях, где размещаются территориальные и участковые избирательные комиссии, а также в помещениях избирательных комиссий и помещениях для голосования.

В обязательном порядке будут осуществляться оперативно-технические осмотры с целью обнаружения взрывоопасных предметов и взрывчатых веществ с применением технических средств и служебных розыскных собак.

В случае нарушения общественного порядка необходимо обращаться к сотрудникам полиции, которые будут дежурить во всех избирательных участках или в дежурную часть ОМВД России по Гумбетовскому району по телефону 8 – 999 – 418 – 85 – 10. Призываем всех жителей нашего района отнестись к предстоящим выборам Президента Российской Федерации со всей ответственностью и порядочностью.

Административная ответственность за проведение предвыборной агитации вне агитационного периода и в местах, ее проведение запрещено законодательством о выборах.

Статья 5.10 КоАП РФ предусматривает административную ответственность за проведение предвыборной агитации вне агитационного периода и в местах, ее проведение запрещено законом о выборах, что влечет наложение административного штрафа на граждан в размере от 5000 до 20000 рублей.

Административная ответственность за изготовление, распространение или размещение агитационных материалов с нарушением требований законодательство о выборах.

Часть1статья 5.12 КоАП РФ предусматривает административную ответственность за изготовление, распространение в период подготовки и проведения выборов печатных, аудиовизуальных и иных агитационных материалов с нарушением требований, установленных законодательством о выборах, что влечет наложение административного штрафа на граждан от 5 до 20 тысяч рублей; на должностных лиц –от 30 до 50 тысяч рублей; на юридических лиц от 100 т до 500 тысяч рублей. Административная ответственность за подкуп избирателей. Статья 5.16.КоАП РФ предусматривает административную ответственность за подкуп избирателей, если эти действия не содержать уголовно наказуемого деяния, что влечет наложение административного штрафа на граждан в размере от 20000 до 25000 рублей; на должностных лиц от 30000 до 40000 рублей; на юридических лиц от 300000 до 500000 рублей. Административная ответственность за не законные выдачу и получение избирательного бюллетеня.

Часть 1 статьи 5.22 КоАП РФ предусматривает административную члена УИК за выдачу гражданину избирательного бюллетеня для предоставления ему возможности проголосовать вместо избирателя , в том числе вместо другого избирателя, или проголосовать более одного раза в ходе одного и того же голосования либо за выдачу гражданину заполненного избирательного бюллетеня , если эти действия не содержать уголовно наказуемого деяния , что влечет наложение административного штрафа в размере 30000 рублей.

**Начальник ОМВД России по Гумбетовскому району полковник полиции**

# Самозанятые Дагестана пополнили региональный бюджет на 176,5 млн рублей

**На 1 января 2024 года в Республике Дагестан зарегистрированы более 267 тысяч действующих плательщиков налога на профессиональный доход (НПД), что на 55,5 тыс. (или 26,2 %) больше, чем в 2023 году.**

За прошлый год самозанятыми уплачено 280,2 млн рублей налогов, рост по сравнению с 2022 годом составил 57,8 % (или 118 млн рублей). Из этой суммы региональный бюджет получил 176,5 млн рублей, а Фонд обязательного медицинского страхования – 103,7 млн рублей.

Популярность специального налогового режима обусловлена полной автоматизацией процесса от постановки на учёт до уплаты налога, низкими налоговыми ставками — 4% при расчете с физическими лицами или 6% при расчете с юридическими лицами, а также отсутствием налоговой отчётности. Весь учёт ведётся в мобильном приложении «Мой налог» или Личном кабинете налогоплательщика НПД, размещенном на официальном сайте ФНС России.

В Дагестане наиболее предпочтительными видами деятельности самозанятых являются услуги мастера маникюра/педикюра, парикмахера, водителя, торговля самостоятельно произведенным товаром, строительство (ремонт), IT-сфера и т.д.

Статус плательщика НПД позволяет легально вести бизнес или получать доход от подработки без рисков быть оштрафованным за незаконную предпринимательскую деятельность.Подробная информация о налоговом режиме, в том числе ответы на часто задаваемые вопросы, а также пошаговая инструкция по регистрации в качестве самозанятого размещены в специальном разделе на официальном сайте ФНС России «Налог на профессиональный доход».

**УФНС России по РД**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

# ОПМ «Оружие»

**Отдел МВД России по Гумбетовскому району доводит до Вашего сведения о том, что, оперативная обстановка, связанная с незаконным оборотом огнестрельного оружия, боеприпасов, взрывчатых веществ и взрывных устройств на территории Республики Дагестан, остается сложной.**

С применением огнестрельного оружия и взрывных устройств на территории республики совершается значительное количество тяжких и особо тяжких преступлений, в том числе убийства, покушения на убийство, разбойные нападения, а также на объекты транспортной инфраструктуры и бизнеса.

В связи с изложенным, в целях стабилизации оперативной обстановки на территории Республики Дагестан по линии борьбы с незаконным изготовлением и оборотом огнестрельного оружия, боеприпасов, взрывчатых веществ и взрывных устройств, в период с 12 по 16 февраля 2024 г. 1 этап и с19 по 23 февраля 2024г. 2 этап на территории Республики Дагестан проводится комплексная оперативно-профилактическая операция «Оружие».

Основными задачами которого операции являются:

Установление и перекрытие источников и каналов поступления в незаконный оборот оружия, боеприпасов, ВВ и ВУ, в том числе контрабандных каналов и «мастерских» по переделке гражданского оружия в аналоги боевого.

ОМВД РФ по Гумбетовскому району просит граждан сообщить в ОМВД России по Гумбетовскому району о любых известных Вам фактах незаконного оборота оружия ВВ и ВУ. Анонимность и вознаграждение гарантируется.

Сообщения принимаются круглосуточно дежурная часть ОМВД России по Гумбетовскому району по тел. 8 – 999 – 418 – 85 – 10.

**Начальник ОМВД России по Гумбетовскому району полковник полиции М.А. Магомедов**

РИТМ ГУМБЕТА

# Жители Гумбетовского района могут платить за газ, оставаясь дома

**«Газпром межрегионгаз Махачкала» рекомендует использовать дистанционные формы услуг для оплаты за потребленный газ.**

С помощью приложений для смартфонов «Мой Газ» и «Газ Онлайн» потребители газа могут не выходя из дома получить информацию по взаиморасчетам, передать показания индивидуального прибора учёта газа (при наличии), а также произвести оплату за газ.

В качестве простого, удобного и надежного способа оплаты, внесения показаний приборов учета газа и контроля прохождения платежей на сайте компании https://mkala-mrg.ru/ работает «Личный кабинет абонента» и также мобильные приложения «Мой газ» в PlayMarket или «Газ онлайн» в App Store, через которые возможно произвести онлайн-оплату по банковской карте.

«Личный кабинет абонента» отвечает главному требованию времени – максимальной простоте в использовании и экономии времени потребителя.




Что особенно важно оплатить газ через мобильные приложения можно без комиссии.

Для удобства абонентов в ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» работает многоканальная телефонная линия Контакт-центра 8-800-200-98-04 (звонок бесплатный).

БетIерав редактор: ХIамзат МухIамадович ГIизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь: Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал: Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.